ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКIУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЗРЭ КЪЫДОКI

№№219-220 (21.378) ● 2008 гъэм щэкIуэгъуэм (ноябрым) и 13, махуэку ● Тхьэмахуэм тхуэ къыдокI ● И уасэр соми 6-щ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

Хуей щыхъум деж къагъэсэбэныну унафэщI кадрхэр гъэхъэзырынымкIэ Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Президентым и деж щыIэ комиссэм и Iуэхукlэ

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Президентым и Указ

Унафэщl кадру Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и экономикэм и Iэнатlэ пэрытхэм, къэрал властым и органхэм, щIыпlэ самоуправлением и органхэм щылэжьэнухэр гъэхъэзырын, ахэр тэмэму къэгъэсэбэныр мурадкlэ, **унафэ сощI:**

1. Хуей щыхъум деж къагъэсэбэныну унафэщI кадрхэр гъэхъэзырынымкIэ Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Президентым и деж щыIэ комиссэ къыдэзэгъэнщын.

2. Хуей щыхъум деж къагъэсэбэныну унафэщI кадрхэр гъэхъэзырынымкIэ Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Президентым и деж щыIэ комиссэм хэтхэр къэщтэн, мы Указым и гуэдзэным зэритым хуэдэу.

3. Мы Указым кьару егъуэт Iэ щыщIэздза махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Президент КЪАНОКЪУЭ Арсен

Налшык къалэ
2008 гъэм щэкIуэгъуэм и 7-м
№117-УП

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Президентым 2008 гъэм щэкIуэгъуэм и 7-м кыдигъэкIа Указ №117-УП-мкIэ къыщыгащ

Хуей щыхъум деж къагъэсэбэныну унафэщI кадрхэр гъэхъэзырынымкIэ Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Президентым и деж щыIэ комиссэм

хэтхэр

Къэжэр А.Хь. - Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Президентым и Администрацэм и Унафэщlыр *(Комиссэм и унафэщIщ)*

Власов А.А. - Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Президентым и Администрацэм и Унафэщlым и къуэдзэр - Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Президентым и Администрацэм къэрал къулыкъым, кадрхэм, щIыпlэ самоуправлением и унафэщlыр *(Комиссэм и унафэщlым и къуэдзэщ)*

Кьанокьуэ С.З. - Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Президентым и Администрацэм и Унафэщlым и къуэдзэр - Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Правительствэм и Аппаратым и унафэщlыр *(Комиссэм и унафэщlым и къуэдзэщ)*

Бабаевэ Э.Щ. - Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Президентым и Администрацэм хэхэт къулыкъым, кадрхэм, щIыпlэ самоуправлением я Iуэхухэмкlэ и управленэм къэрал къулыкъым, кадрхэм, къэрал наградэхэм я Iуэхухэмкlэ и секторым и унафэщlыр

Жэрыкьуэ Б.Хь. - Урысей Федерацэм Мэкъумэщ хозяйствэмкIэ и министерствэм «Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и яп» Президент КIуэкIуэ В.М. и цIэр зезыхьэ Къэбэрдей-Балькъэр къэрал мэкъумэщ академие» профессиональнэ щIэныгъэ нэхъыщхьэ щрагъэгъуэт къэрал еджапIэм и ректор, Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Парламентым и депутатыр *(зэгурыIуаущ)*

Канунников В.А. - Урысей Федерацэм и Президентым и полномочнэ лIыкIуэу Ипщэ федеральнэ округым щыIэм и аппаратым и федеральнэ инспекторыр *(зэгурыIуаущ)*

Къарэмырзэ Б.С. - «Къэрбэч Хь.М. и цIэр зезыхьэ Къэбэрдей-Балькъэр къэрал университет» профессиональнэ щIэныгъэ нэхъыщхьэ щрагъэгъуэт къэрал еджапIэм и ректор, Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Парламентым и депутатыр *(зэгурыIуаущ)*

Къуэшырокьуэ З. Кь. - Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Президентымрэ Правительствэмрэ я лIыкIуэу Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Парламентымрэ суд органхэмрэ щыIэр

Къуэщlысокьуэ З.Л. - Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Президентым и Администрацэм и къэрал-правовой управленэм и унафэщlыр

Мусуков А.ТI. - Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм экономикэ зыужьынырыгъэмрэ сатумкIэ и министрыр

Панагуэ М.А. - Тэрч муниципальнэ районым и администрацэм и Iэтащхьэр, «Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и муниципальнэ щIыналъэхэм я совет» ассоциацэм и тхьэмадэр *(зэгурыIуаущ)*

Сорокин В.И. - Налшык къалэ округым и администрацэм и Iэтащхьэм и кьалэнхэр зыгъэзащIэр *(зэгурыIуаущ)*

Тау П.Кь. - Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Профсоюз организацэхэм я зэгухьэныгъэм и тхьэмадэр, Урысей Федерацэм и Жылагъуэ палатэм хэтыр *(зэгурыIуаущ)*

Тюбеев А.И. - Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм лэжьыгъэмрэ социальнэ зыужьынымкIэ и министрыр

Щхьэгъэпсо С.Хь. - Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ и министрыр

Щхьэгъуэ А.Л. - Урысей Федерацэм и Федеральнэ Зэхуэсым и Къэрал Думэм и депутатыр *(зэгурыIуаущ)*

Ерэзэ Т.Хьу. - Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм мэкъумэщ хозяйствэмрэ ерыскъыпхъэхэмкIэ и министрыр.

● Къэрал къулыкъущIапIэхэм

КЪБР-м террорым пэщIэтынымкIэ и щIыналъэ комиссэм и зэIущIэ

Иджыблагъэ республикэм и Правительствэм и Унэм щызэхэтащ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Террорым пэщIэтынымкIэ и комиссэмрэ КЪБР-м Экономикэ, жылагъуэ щынагъуэншагъэмкIэ и советымрэ зэщIыгъуу къыззрагъэпэща зэIущIэ. Ар иригъэкIуэкIащ КЪБР-м и Президент Къанокьуэ Арсен.

ЗЭIУЩIЭМ щыхэплъащ мыхьэнэ хэха зиIэ объектхэр терроризмэм щыхъумэным, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и щIыналъэм щынагъуэншагъэ къыщыдзэгъэпэщыным пыщIа Iуэхухэм.

ЗэIущIэм хэтащ Террорым пэщIэтынымкIэ лъэпкъ комитетым и аппаратым и унафэщlым и къуэдзэ генерал Жилков Олег.

КЪБР-м и Президентымрэ Правительствэмрэ я пресс-Iуэхущ IапIэ.

Сурэтыр **МАМИЙ Руслан** *трихащ.*

Республикэм къакIуэ инвестицэм кризисыр зэран къыхуэхъуркъым

КЪБР-м и Президентым деж Инвестицэхэмкlэ щыIэ советым и зи чэзу зэIущIэ зэхэтащ. Абы щыхэплащ Прохладнэ районым щекIуэкI инвестицэ Iуэхуэм, ар къызэхуэсахэм я пащхьэ кърилъхьащ а куейм и Iэтащхьэ Гертер Иван, Апхуэдэуи инвестицэ проектипIым я зэхэлыкIэм зыщагъэгъуэзащ.

«КАПИТАЛ-инвест» ООО-м къыхилъхьащ чырбыш, гипсокартон къыщIэзыгъэкIыну иджырей автоматизированнэ Iуэхущ IапIэр Прохладнэ куейм щиухуэну. А проектэр лэжьыгъэм къызэрыхуагъэсэбэныным хуэхьэзырщ, ауэ зыхуэныкьуэхэмкIэ зыкъыщIагъэкъуэну компаниим и Iэтащхьэр Правительствэм хэтхэм ельэIуащ. НэгъуэщI проектитIи щызэтраублэнущ Лэскэн районым.

Советым хэтхэм КЪБР-м и Правительствэм зыхуагъэзащ утыку кIрахьа проектипIри гъащIэм хэпщIэныгъэмкIэ дэIэпыкъуэгъу хъуну.

КЪБР-м и Президент Къанокьуэ Арсен Прохладнэ куейм щекIуэкI инвестицэ лэжьыгъэм арэзы къызэрищIыр жиIащ икIи мэкъумэщ хозяйствэм зиужьынымкIэ а районым гугъапIэхэр зэрырипхыр къыхигъащIащ.

ГУРТУЕВ Расул.

● Зэпеуэхэр

Ди егъэджакIуэхэр утыку йохьэ

КЪБР-м Егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ и министерствэмрэ «Адыгэ псалъэ» газетымрэ зэгъусэу ирагъэкIуэкI «Си бзэ - си псэ, си дуней» республикэпсо зэпеуэм ипкъ иткIэ, адыгэбзэмрэ литературэмкIэ егъэджакIуэ нэхъыфIхэр къыщыхах зэхьэзэхуэ екIуэкIащ.

«ЕГЪЭДЖЭНЫГЪ» лъэпкъ проектым хиубыдэу къызэрагъэпэща зэпеуэм пашэ щыхъуа егъэджакIуэхэрщ абы хэтыну Iэмал зиIар. И Iэщlагъэм хэлъ щэхухэмкIэ, сабийхэм я пащхьэ щахь жэуаплныигъэр зэрызыхащIэмкIэ, лъэпкъыбзэр егъэджыным хуаIэ бгъэдыхьэкIэхэмкIэ зэхьэзэхуа егъэджакIуэ Iэзэхэм я нэхъыфI дыдэу мы гъэм къалытар Сэрмакь дэт 2-нэ курыт школым щезыгъаджэ Мэшыкьуэ Iэсиятщ. Iэсиятр бгъэдэлъ зэфIэкIыр, иригъаджэхэм я къэухьыр здынэсыр щигъэлъэгъуауэ щытащ «Си бзэ - си псэ, си дуней» зэпеуэмэ. Абы щытекIуауэ иджы зэхьэзэхуэм и къэпщытакIуэ гупым хэтщ.

ЩIэныгъэ егъэгъуэтын Iэнатlэм зегъэужьыныкIэ федеральнэ институтым лъэпкъхэр егъэджэныгъэм зыщыIууэ гугъуехьхэмкIэ и центрым Москва щригъэкIуэкIыну зэпеуэм КЪБР-м щыщу цIыхуитI макIуэ. Адыгэбзэр езыгъэджхэм ящыщу ар пщэрылъ зыщащIар Мэшыкьуэ Iэсиятщ, абы и гъусэщ балькъэрыбзэмрэ литературэмкIэ егъэджакIуэ Джангуразовэ Лизэ.

ЩэкIуэгъуэм и 17 - 18 махуэхэм кьалащхьэм щекIуэкIыну зэпеуэм хэта нэужь, ахэр иригъэблагъэ институтым кьыззригъэпэщыну щIэныгъэ-практикэ конференцым. Ар теухуауэ щыIынущ Урысейм иц лъэпкъхэм я анэдэлъхубзэхэм я зыужьыныгъэм. Абы кьыкIэлъыкIуэу екIуэкIынущ Iуэхуг ъуэ гъэщIэгъуэн куэд кьыщIэтыну «СтIол хьурейхэр». Iэсиятрэ Лизэрэ нэмыщI, абы ирагъэблагъащ адыгэбзэмрэ литературэмкIэ егъэджакIуэхэу Къаскъул Ирэрэ Бекъан Масирэтрэ, КЪБР-м ЕгъэджэныгъэмрэщIэныгъэмкIэ и министерствэм и лэжьакIуэ Балэ Людмилэ сымэ.

НЭЩIЭПЫДЖЭ Замирэ.



Зэпсэлъэныгъэхэр

АБХЪАЗ. ***ООН-м и генеральнэ секретарым и лIыкIуэ Вербеке Йохан иджыблагъэ Сыхъум щыIущащ республикэм и унафэщIхэм.***

АБХЪАЗЫМ и Президент Бэгъэпщ Сергей хьэщIэр щигъэгъуэзащ республикэм щыIэ щыткIэм, щIыналъэр къэралыгъуэ щхьэхуэу дунейпсо зэгухьэныгъэм кIыльыгъэныкIэ щыIэ Iэмалхэм, нэгъуэщIхэми. ЗэIущIэм хэтащ парламентым и спикер Ашубэ Нугъзар, Абхъазым нэгъуэщI къэрал Iуэхуэхэмкlэ и министр Шамбэ Сергей сымэ.

Вербеке Йохан апхуэдэу яхуэзащ правительствэм хэмыхьэ Iуэхущ IапIэхэм я унафэщIхэм.

Унэхэр къагъэщIэрэщIэж

АДЫГЕЙ. ***Урысей Федерацэм и ПсэупIэ-комунальнэ Iуэхущ IапIэхэр зэгъэпэщыжыныкIэ фондым иджыблагъэ Адыгей Республикэм сом мелуани 163-м нэблагъэ къыхуигуфIыщащ.***

АДЫГЕЙМ ЖКХ-мкIэ и комитетым и унафэщIым и къуэдзэ Ныбэ Руслан зэрыжиIамкIэ, къат куэду зэтет унэхэр къагъэщIэрэщIэжыныкIэ республикэ, муниципальнэ бюджетхэм къыхэкIамрэ фондым кьнутIыпща ахъшэмрэ зэхэту сом мелуан 229-м ноблагъэ. Абыкlэ республикэм и районми 8-м уни 166-рэ зыхуей щыхуагъэззэнущ.

ХЬЭЩЫКЪУЕЙОлег.

● Пшыхьхэр

«Амикс» гупым и къэфакIуэхэр утыку итщ.

Студентхэм я IутIыжт

ЩэкIуэгъуэм и 10-м, ЩIалэгъуалэм я дунейпсо махуэм, КЪБКъУ-м пшыхь дахэ щекIуэкIащ. Ар къызэригъэпэщащ КЪБР-м ЩIалэгъуалэмрэ жылагъуэ зэгухьэныгъэхэмрэ я Iуэхухэмкlэ и къэрал комитетым.

УНИВЕРСИТЕТЫМ щеджэ студентхэр, абыхэм я ныбжьэгъуэ нэгъуэщI еджапIэхэм щIэсхэр нэжгужэу щыIэхуэсат физико-математикэ факультетым и актовэ пэщышхэм. ГуфIэгъуэ Iэхухэр щIыпэхьхьэн щхьэусыгъуэ щIэх-щIэхыгъэ студентхэм кьагъуэтми, иджырей зIущIэр ЩIалэгъуалэм я махуэм зэрыхухэхам махуэщхэр нэхъри иIэтырт.

Пшыхьыр къызэзыгъэпэщащхэм кьабгъэдэкIыу кьызэхуэса псомиехьуэхьащ КЪБР-м ЩIалэгъуалэмрэ жылагъуэ зэгухьэныгъэхэмрэ я Iуэхухэмкlэ и къэрал комитетым и унафэщIым и къуэдзэ Гергоков Джамбулэт. АдэкIэ утыкум кьрагъэблагъа, КЪБКъУ-м и ректор Къарэмырзэ Баирэбий и псалъэхэр хуабжьу я гуапэ хьащ студентхэм.

- КъБКъУ-м и унафэщIхэм, жылагъуэ, студент зэгухьэныгъэхэм кьабгъэдэкIыу сыныбохьуэхъу ЩIалэгъуалэм я дунейпсо махуэмкIэ, - жиIащ ректорым. - Куэдрэ зэхэфхми, иджыри зэ вжесIэну сыхуейщ ди лъахэм и къэкIуэнур зэгухьэныгъэр ящыщ пхыфIыну гъуэгурщ республикэм и зыужьыныгъэм, ехьулIэныгъэхэм дыхуэзыщIэнур. Ар зэрызэгъэхьулIэным иужь фитыпхъэщ, абыкIэ щIалэгъуалэм дэIэпыкъуэгъу зэрахуэхьунум иужь итщ къэралым, республикэм я Iэтащхьэхэри.

Iэгуаурэ дерзжэгъуэрщыкуэду екIуэкIащ КъБКъУ-м и къэфакIуэ, уэрэджыIа-щIалэгъуалэм я махуэм кIуэгупхэмрэ республикэм и артист ныбжьыщIэхэмрэ зэгъэсу кьызэрагъэпэща концертыщхэр. Псом хуэмыдэу гуапэт хамэ къэралхэм кьикIауэ ди еджапIэ нэхъыщхьэхэм щеджэ студентхэм я зэхуакъ дэлъ зэныбжьэгъугъэм укIэлытыпльыну.

НЭЩIЭПЫДЖЭ Замир.
Сурэтхэр
КЪАРЕЙ Элинэ *трихащ.*

КъБКъУ-м и «Къафэ» ансамблым и солистхэр.

● Хъыбар гуапэ

Щэнхабзэм и лэжьакIуэм пщIэ къыхуащIу

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Щэнхабзэмкlэ и фондым и унафэщI, «Налшык» ОРТК телекомпанием и тхьэмадэ, Урысей Федерацэм гъуэзджэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ, КЪБР-м и Къэрал саугъэтым и лауреат Въорокуэ Владимир «Щэнхабзэм и лIыхъужьмэ» («Рыцарь культуры») орденыр къратащ.

КЪЭРАЛ 35-рэ зыхьыхэ «Жылагъуэм и пщIэ къэзылэжьхэр» дунейпсо ассамблеемрэ дунейпсо артокомитетымрэ кьабгъэдэкI дамыгъэ лъапIэр Владимир кьыщагъэфэщащ щэнхабзэм зегъэужьыным, Кавказым, Урысей къэралыгъуэм щыпсэу лъэпкъхэр зэкъуэтын папщIэ иригъэкIуэкI лэжьыгъэ купщIафIэм къыпэкIуэу.

Дипломымрэ дамыгъэмрэ Въорокуэ Владимир къезытар УФ-м и Арткомитетым и Кавказ Ищхьэрэ къудамэм и унафэщI Бейтыгъуэн Iэуесщ.

БОГАЧЕВЭ Ириней.

● «Адыгэ псалъэр» къыхызох

Си анэдэлъхубзэр фIыуэ солъагъу

«Адыгэ псалъэр» фIыуэ солъагъу, жысIэмэ, си гугъэкъым зыми емыкIу сыкъыщIыну.

ИлЪэС куэд хуауэ адыгэбзэмкIэ кIуажэ журыт еджапIэм щезыгъаджэ си анэм анэдэлъхубзэр фIыуэ дигъэльагъун, ар кьытхипщэн хузэфIэкIащ. Абы щхьэкIэ си анэм уажьбжь сыхуэарэзыщ, нобэми и дерс зэIуахаэм сыщIэсын, пшынэбзэ макькIэ ар хуэзгъадэхэн сфIэфIщ.

Урысейм и сыт хуэдэ кIалэр, дэнэ хэрэал сыщымыIами, сэ ар зэи сIэщIэхуакъым, щызэхсхкIэ си гур мыгуфIэуи кьанэркъым. Си гур хэзыгъаIуэу бзэмкIэ къызэпсалъэ газет закьуэр дауэ фIыуэ зэрызмыгъагъунр?!

Адыгэ хабзэм, щIыпу щхьэхуэхэм я гъащIэм, ди лъэпкъ тхыдэм, нэгъуэщI куэдми щыгъуазэ дыхуэзыщI -Адыгэ псалъэм- кьытехуэ псори сэ нэхъуеиншэу щIыздэкIыкI, Iэ зыщIэздзыну кьыхэх газетхэм ар я пашэщ.

ШЭРЫБ Валерэ,
Гъуэджэхэмкlэ Кавказ Ищхьэрэ институтым и егъэджакIуэ, профессор.

Ди газетыр къыфIэрыхьэну фыхуеймэ

Ди щIэджыкIакIуэ лъапIэхэ!

Фигу къыдогъэкIыж 2009 гъэм и яп» илъэс пыкъуэм къыфIэрыхьэну газетхэм, журналхэм Iэ тедзэныр зэрекIуэкIыр.

Илъэс пыкъуэм ди газетым и уасэр сом 556-рэ кIэлIейкIи 10-рэщ.

«Адыгэ псалъэм» Iэ щытевдзэ хъунущ республикэм и пощт Iуэхущ IапIэ псоми.

Ди индексыр 51531

Сыту пIэрэ зэращIынур?

Москва и Дон къулдыкъыф (монастырь) щIэрыIуэр яхъунщащ.

Абы щIахащ Новгород щыщ щихъхэм я хьэдэ къупщхьэу къулышырыфым щахьмэхэр. Псори щоупщIэ: сыту пIэрэ зэращынур? Хабзэхъуэмэхэм абы и жэуапыр къалъыхьуэ.

(ИТАР-ТАСС).

Мы махуэхэм

ЩэкIуэгъуэм и 13, *махуэку*

◆ **Нэфхэм я дунейпсо махуэщ.** 1784 гъэм нэфхэм папщIэ къриагъэлъэпэщащ къыщыззэрагъэпэща интернатыр Iармэн кьыщызэIуэныха франджыбз егъэджакIуэ Гаюн Валентин (1745 - 1828) кьыщалъхуа махуэм ягъэлъапIэ, ООН-р я щIэгъэкъуэну.

◆ ЩэкIуэгъуэм и 13 - 15-хэм Санкт-Петербург щекIуэкIынущ Европэ сенатхэм я зэгухьэныгъэм и зи мыч»эзу сессие. УФ-м и Федеральнэ Зэхуэсым Федерацэмкlэ и Советыр къызэрыззэрагъэпэщрэ ильэс IУ зэрырикъум теухуащ ар.

◆ ЩэкIуэгъуэм и 13 - 16-хэм Москва и «Иллюзион» кинотеатрым щекIуэкIынущ япон кином и 42-нэ фестивальр.

◆ ЩэкIуэгъуэм и 13 - 16-хэм дуней псом кьраушу Москва щагъэльэгъэнущ «Пхъэм къыхэщIыкIа унэхэр» выставкэр.

◆ **Дыгъэр къыщIэкIащ сыхьэти 7-м, кьухьэжынущ сыхьэт 16-рэ дакьикьэ 43-м.**

◆ **Махуэм и кIыхьагъщ сыхьэти 9-рэ дакьикьэ 43-рэ.**

ЩэкIуэгъуэм и 14, *мэрем*

◆ **Диабетым пэщIэтынымкIэ дунейпсо махуэщ.** 1991 гъэм къыщыщIэдзауэ ягъэлъапIэ канадэ физиолог Бантинг Фредерик (1891 - 1941) кьыщальуа махуэм. Маклеодом Джон и гъуэгу инсулин хущхьуэр къызэригъэпсысам кьыхэкIыу абы 1923 гъэм Нобель и саугъэтыр кьратауэ щытащ.

◆ ИльэсипщI и пэкIэ (1998) УФ-р хыхьащ Хы Хуэм экономикэ зэдэлэжьэныгъэмкIэ зэгухьэныгъэм (АТЭС).

◆ ЩэкIуэгъуэм и 14 - 17-хэм Москва щызэIущIэнущ «Дунейм и дохутыр» ядэрхьым ядернэ Iэщэр кьагъэсэбэну» дунейпсо зэщIэхьееныгъэм и унафэщIхэр.

◆ ЩэкIуэгъуэм и 14 - 23-хэм Салоники (Алыдж) щекIуэкIынущ 49-нэ дунейпсо кинофестивалыр.

◆ Ильэс 95-рэ и пэкIэ кьалъхуащ совет шахматистхэр, дунейм и СССР-ми я чемпионыр щыта **Быковэ Елизаветэ** (1913 - 1989).

◆ **Дыгъэр къыщIэкIынущ сыхьэти 7-рэ дакьикьи 2-м, кьухьэжынущ сыхьэт 16-рэ дакьикьэ 42-м.**

◆ **Махуэм и кIыхьагъщ сыхьэти 9-рэ дакьикьэ 40-рэ.**

Плъанэрэ зыгъэхьэзырар ШАЛ Мухьэмэдщ.

Лъэпкъ Iуущыгъэ:

Псым и тепIэмкIэ и кууагъыр къыпхуущIэнукъым.

● Футбол

Иужьрей джэгугъуэхэр

Урысей Федерацэм футболымкIэ и премьер-лигэм щекIуэкI зэхьэзэхуэр и кIэм нэблэгъащ, къэнэжар джэгугъуитI къудейщ.

УРЫСЕЙМ и Футбол Зэгухьэныгъэм и регламентым ипкъ иткIэ, 29-нэ, 30-нэ джэгугъуэхэм хиубыдэ зэхьэзэхуэхэр щэкIуэгъуэм и 16-мрэ 22-мрэ екIуэкIынущ икIи зы зэманым, сыхьэт 14-м, щIидзэнущ.

ЖЫЛАСЭ Замир.

Экономикэ Политикэ

Махуэку

Кавказ Ищхъэрэ Жылагъуэ Iуэху

Уэгум кьыщыхъу насыпыншагъэхэм я бжыгъэм эзпымыуу хохьуэ. Сыт ар кьыщыхъэкIыр, сыт эзпльэтар? А ущIэхэм жэуап ират Iэщагъэлхэм.

Кьэралхэм я зэхуэдэ авиацэ комитетым и унафэщIэм ящыщ Круглов Анатолий: «Кхъухьлъатэм и ныбжьыкIмрэ абы и шынагъ уэншагъэмрэ зэрызэпыщIам теухуэ упщIэм жэуап есткIэрэ, сэ быдэу жызоIэ апхуэдэ зэпыщIэныгъэ гуэри щымыIэхэу. СертификатымкIэ кафедрэм ипэ курсым щIэсхэр зыхурагъаджэр псори зыщыгъуазэ Iуэхухэрщ - нэхъ шынагъуэ дыдэ зыпыльыр ильэситхум кьыщыщIэдзауэ эи ныбжьыр ильэсипщIым нэс кхъухьлъатэхэрщ. Сыт щхьэкIэ? Абы и жэуапыр зыщ: а зэманым беджыкIыну кьохъу нэхъапэкIэ кьахъу мыхуэта дертхэр. А щхьэусыгъэ уэм кьыхэкIыр, иуэкьыщ кьхъухьлъатэм уринагъэ нэхъ шынагъуэ-эншэр. Ильэси 10 - 16 зи ныбжь кьхъухьлъатэхэр ещхьщ зи уэ псори ягъэхъуэжа щхьыхуэм. Псоми а кхъухьлъатэм теухуауэ зыхуеинуэр ящIэ, ирахьэлIапхьэхэм щыгъуэзэщ. Абы кьыхэкIыу сэ здэрикъам жьы хьуэ кхъухьлъатэхэр кьагъэсэбэзэн хуит зымыщIэ хабзэ щыIэ хуэдэу ягъэIуэр».

Граждан авиацэмкIэ «Къэрал щIэныгъэ-къэхутакIуэ институт» ФГУП-м и унафэщIым и къуэдзэ Страдомский Олег: «КьыхэзгъэбелджылыкIыну сыхуеIуэ кхъухьлъатэхэр жьы зэрыхьуам кьыхэкIыу авиакомпаниеэхэм зэрыраещэр. Мыбдежьым зыми кьыщалъытэркьым абыхэм я зэфIэкIыр зыхуэдизыр. Нобэ псори щыгъуазэщ кхъухьлъатэм ищIын хуей Iэуэлъауэхэм я пащIэм теухуа дунейпсо мардэхэр зэры-щыIэм. Абыкъ убгъэдыхьэмэ, ди кхъухьлъатэхэм я процент 40-р щIэжIэ зэхъуэжыкIын хуейщ. Абыхэмэ гъэсыныпхъэ нэхъыбэ игъэкIуэщI. Аращи, апхуэдэ кхъухьлъатэхэр зиIэ авиакомпаниехэм ельытэу, ахэр зэ-рахьуэныным е зэрамыкъуэкIыным

● Абы дегъэпIейтей

ЦIыху къезышэкI кхъухьлъатэхэр

теухуауэ. АрщхьэкIэ шынагъушагъэм а псори зыкIи ехьэлIакъым. США-м кьыщащтащ шынагъуэншагъэр кьызэрэпэщIыным теу-хуа программэ щхьэ хуэ. Абы мыпхуэдэу кьыщIедэз: «Кхъухьлъатэр кьызэрагъэсэбэзпа пIалъэм зыри тещIыхьакъым, ар хабзэм тету зэрахьэу щытмэ».

Урысейм и ЛIыхъужь, кхъухьлъатэхэр зыгъэунэху Есаян Рубен: «Куэдым я гугъэщ кхъухьлъатэхэр автомобиль тIорыгъэхэм ебгъапщэ хьуну. Ауэ ар пцIыщ. Урысейми щыIэщ кхъухьлъатэр кьыщагъэсэбэпын хуей пIалъэ, апщIондэхукIи ар дагъуэнщэщ.

Совет Союзым кхъухьлъатэ хууэным епхауэ зыт щагъэнэхьыщхьэр - шынагъуэ зэпыщIу щытыныр. Гъэсэныпхъэр Iуэхум зыуи кьыхаальытэркьым, ар кьэралым щыкуэдкIи.

Иджыпсрэ экономикэм нэгъуэщIи кьигъэувыр,икIи кьыщэрыщIэкIам-кIэ, гъэсныпхъэу ди кхъухьлъатэхэр зыхуейр нэхьыбэщ, кьэралхэм ейм ельытауэ. Ауэ шынагъушагъэкIэ ди Ил-86-м кьыпеуэфын дуней псом щыбгъуэтыну кьыим. Иджыпдагъэ Иранрэм кьиужат а кьэралым и авиакомпанием кьигъэсэбэзп Ту-154-р (урысей заводым зыхуей щыхуагъэзэжьын папщIэ). СыщIэупщIащ гъэсныпхъэр зи уасэм. Ди компаниехэм кьэрал кIуэцIым кьыщагъэсэбэзп кхъухьлъатэхэм зы тоннэм щIатыр доллар 100-щ, хамэ кьэрал компаниехэм я кхъухьлъатэхэр ди дежь кьэльэтахэм зы тоннэр зэретщэр доллар 1000-м щIегъ у, кьыжэлащ. Сыт абы кьыкIыр? Кьэралым езым и авиакомпаниехэр ихьуэнэну ящIэ зэрэитыщIу.

«КД Авиа» авиак омпанием и унафэщI Ицков Леонид: «Дэ нобэ дызытепсэльыхьыр Iуэху гугъущ. Ар ехьэлIащ кхъухьлъатэхэм я проектэр щIэзэхальхьэм кьыщыщIэдзауэ ахэр ягъэльэтэным ящIэ щихьэ зэманым нэс. Мыбдеж псори кьыщыльытэн хуейщ: зэропортхэр зэпэщу щытынри, Iэнатlэм финансхэр ирикъуу иIэнри.

Кьыдгурыуэну игъуэ хъуащ: зы лъэпкым и кхъухьлъатэ щыIэкъым, зы кьэралми нобэ кхъухьлъатэ кьыщIигъэкIыфынукъым дуней щызэхэфIэува лэжьэкIэр кьимыльытэу».

«ИнфоМост» консалтинг компанием и унафэщI Рыбак Борис: «Щапхъэ кьыззэрыгуэкI, ауэ зэпымыуу дигу кьэкI кьэсхьыну сыхуейщ. Ди кьэралым, Урысейм, тещIыхьауэ. Дзэхьэуа кьаруэхэр стратегие авиацэм и кьаруэкIэ дрыщу щыIэ кьагъэщIэрэщIэжащ. Ту-95 кхъухьлъатэхэм гъунапкъэхэр яхьумэ. Абыхэм ящыщ куэдым ильэс 45-рэ я ныбжьщ. Абы щыри тегуэзвыхьыркьым, сыту жыпIэмэ кхъухьлъатэхэм дагъуэ яIэкьыим. Дэ дощIэ Б-52 кхъухьлъатэхэр кьызэрагъэсэбэзпыну пIалъэр ильэс 80-м нагъэсыну американхэр зэрыхущIэкьуар. Абы кьыхэкIыу псори зэпльытар Iэщагъэм куууэ хэпщIыкIыныр».

* * *

Апхуэдэ щыкIэкIэ дэ здгъэщIащ IэщагъэлIам я Iуэху епльыкIэр. Кьэдгъэльэгъуэну дыхуейщ зы IэщагъэлIам кхъухьлъатэр кьызэрагъэсэбэзп пIалъэр узгъэ кьыщыхьу насыпынкIэ.

Мингрелым (ар Абхъазым и гъунэгъуу Куржым хьыкъэ щIынальэщ) щIыпIэ валютэ кьыщIуныгъэщ. Езы Мингрелым махуэ кьэс щытопсэльыхь щIынальэр хамэ унафэ щIэтыр зэрыхуэмейм.

Политикэм кьыззэрагъэльытэмкIэ, Абхъазымрэ Осетие Ищхэмрэ Куржым кьыззэрыгуэкIар щIэдзапIэ хуэхъуэ кьуейщ а кьэралым и щIынальэхэм щхьэхуэ защIыным.

● Куржы

ЩIынальэхэр арэзыкъым

Апхуэдэурэ екIуэкIмэ, а къэралыр лъэпкъжьнкIэ хъунущ

Сурэттехым и зэфIэкIыр

Мингрелхэм кьалъытащ Зугдиди зи пашэ куейм езым и ахьшэ иIэжьыну хуиту. Псори кьезыгъэжьар фотоателье зиIэ Каждан Адольфщ. Анекдотым ещхьщ, ауэ ар пэ жщ. «Дэ Тбилиси дыхьэфIдзащ, - зэщIигъапIэрт цIыхухэр, ауэ мингрелхэм куэд дэмыкIыу ахэри ягъэмамырынщ».

Сыт атIэ иужькIэ къэхуар? ЩIыпIэ тхьыльымпIэ ахьшэ зэрыгъэгъэнэжьыну занщIэу щIадзащ. Куржым и полицэм кьанэ щымыIэу ятрихащ ягъэ кьыдагъэкIа апхуэдэ ахъшэхэр, ауэ мингрелхэм я мурадкъым абдеж кьыщыуыIыбэну.

Абы и закъуэкъым

Мингрелым и закъуэкъым щхьэхуэ хьумэ нэхъ кьэзыщIэр. Кавказ ЩIыб СМИ-хэм кьытокуэ ермэльхэр нэ хьыбзу щыпсэу Джавахэ щIыналъэри Куржым кьыгуэгъкIынкIэ зэрыхьунум теухуа хьыбар хэр. Абы ещхь псальэмакъхэр кьыщокIуэкI азербайджанхэр щыпсэу Квемо-Карли щIынальэми. Гурием зыкъыщIэтынкIэ хьунущ. Политолог икIи этнограф Арешидзе Мамукэ зэрыжиIэмкIэ, мингрелхэм кьалытэ куржы лъэпкым щымыщу икIи ахэр Урысейм и ныбжьыгъуфIу сыт щытрэ щытауэ. Апхуэдэжь кьыщепщэу щыхуежьащ Сванетием (сонэхэм я лъахэм).

Ауэ а псомк кьикIрэ Урысей къэнерер 1917 - 1918 гъэхэм, Совет Союзыр 1991 гъэм зэрыльэпьажам и лъэужьым Куржыр ящIэ тету? Тхьдэм кIэщIу уриплъэжам и, уольагъу гъунапкIэ ягъэувахэр зэрызгъэпщIар икIи ахэр залымыгъэ хэлъу зэрызэтрауухуар.

Нэ хъ тэмэму жьыпIэмэ, 1783 гъэм Тифлис зи щIыхэр Каптэн-Кахетие пащтыхьыгъэр Урысейм и протектораты щIэхуащ, ильэс 18 дэкIри, ар империем кьыхьхьащ Иранымрэ Тыркымрэ ятекIуа нужь. Абы и фIыгъэкIэ хуит кьащIыжащ иракхэмрэ тыркухэмрэ Кавказ ЩIыбым щаубыдауэ щыта щIынальэ хэр, Кавказым щыпсэухэм щхьэхуэ зыри

● Тырку

Кьэралым нужь ильэсхэм зыщыхэпльа суд Iуэхухэм ящыщу нэхъ псальэмакъыщхъуэ кьикIащ хуабжьу сакъыу яхъумэ Силиврри льэхьэщ гъэбыдам и щIынальэм кьыщыхъуам. Сыд пащхьэм кьихутащ «Эгренекон» льэпкъ зэгухьыгъэм щыщхэр. Псори зытещIыхьар Тыркур зытетым хуей гъэзэгрщ: ар ильэмаьм и льэхэ дыдэу щытыну е иджырей кьэралым и мардхэм тету псэуну? АбыкIэ зэныкъуэкъуэр щыIэщ.

● Гъуазджэ

Дуней псор зэщIэзыубыда финанс кризисым и зэран екIащ гъашIэм и Iэнатlэ псоми. Псальэм и хьэрыкIэ, абы хэхуащ гъуазджэр. АрщхьэкIэ Лондон и аукционэхэм суртышIуа щIрыIуэхэм я Iэдакъэщ1экIэр хьарзынэу щокI. Иджы дыдэ абыхэм ящыщ зым Уорхол Эдди и «Мерилин» щIэ сурэт щIрыIуэр иныджылиз фунт мелуани 3,77-кIэ щащащ. Ауэ абыкIэ арэзыкъым ар зыщащэр. Абыхэм я мурадащ а сурэтым фунт мелуани 4,5-6,5-рэ кьыщIахьну.

● Ингуш

Iэтащхьэм и чэнджэщэгъу

Ингушым и президент Зязиков Мурат зыщ пэщIыпльауэ я кьулыкъум зэрытекIар щыхьэт тохьуэ Кавказ Ищхъэрэ щIынальэм уэзыщымыгугъа куэд кьыщыхьукIэ зыхуэIуэ зэрыщымыIэм.

ЕЗЫ РЕСПЛИКЭМ щагъэщIэгъауэ президентыр и кьулыкъум зэрытекIар. Шэч хэлъкъым Зязиковыр Кавказ Ищхъэрэм и щIынальэхэм я Iэтащхьэхэм ящыщу Кремлым нэхъ пэрыонэу зэрыщытам, зэрыжиIэмкIэ, абы Медведеви Путинри фIыуэ кьыхуущыт ат

ПсэулIэмрэ экономикэмрэ зэрызауэжьмкIэ Ингуш Республикэр мы зэманым яп итщ Урысей Федерацэм и щIынальэ куэдым. УФ-м и Президентым и лIыхъужу Ипщэ Федеральнэ округым щыIэ Устинов Владимир кьелIыгъ ар Iуэхур щынэхьыфI дыдэ щIынальэу. Мыбы щауэщIэм сыт жимыIам, Зязиков Муратщ зи фIыщIэр Ингушыр нэхъ ефIакIуэ, лъбыдэкIэ уи щIынальэхэм зэрахьыхьар.

Къэбгъэльэгъуэну ирикъунщ 2002 гъэм республикэм и телъ щIыхуэр хуэдэ 24,6-кIэ зэригъэмэщIар, мы-хьэм зэмылIэужыкIыгъэ зиIэ Iуэхущ1ауэIэхэу, псэуальэхэу 297-рэ зэраухуар е зэрызэгъаГъэщIыжар.

Дауи, апхуэдэ зэфIэкIыхуэ зиIэ щIыхур Iэнатlэншэу кьэнакьым. Ар Москва ящащ УФ-м и Президентым и чэнджэщэгъу.

«Северный Кавказ».

● Абы дегъэпIейтей

ЦIыху къезышэкI кхъухьлъатэхэр

Уэгум кьыщыхъу насыпыншагъэхэм я бжыгъэм эзпымыуу хохьуэ. Сыт ар кьыщыхъэкIыр, сыт эзпльэтар? А ущIэхэм жэуап ират Iэщагъэлхэм.

Кьэралхэм я зэхуэдэ авиацэ комитетым и унафэщIэм ящыщ Круглов Анатолий: «Кхъухьлъатэм и ныбжьыкIмрэ абы и шынагъуэншагъэмрэ зэрызэпыщIам теухуа упщIэм жэуап есткIэрэ, сэ быдэу жызоIэ апхуэдэ зэпыщIэныгъэ гуэри щымыIэхэу. СертификатымкIэ кафедрэм ипэ курсым щIэсхэр зыхурагъаджэр псори зыщыгъуазэ Iуэхухэрщ - нэхъ шынагъуэ дыдэ зыпыльыр ильэситхум кьыщыщIэдзауэ эи ныбжьыр ильэсипщIым нэс кхъухьлъатэхэрщ. Сыт щхьэкIэ? Абы и жэуапыр зыщ: а зэманым беджыкIыну кьохъу нэхъапэкIэ кьахъу мыхуэта дертхэр. А щхьэусыгъэ уэм кьыхэкIыр, иуэкьыщ кьхъухьлъатэм уринагъэ нэхъ шынагъуэ-эншэр. Ильэси 10 - 16 зи ныбжь кхъухьлъатэхэр ещхьщ зи уэ псори ягъэхъуэжа щхьыхуэм. Псоми а кхъухьлъатэм теухуауэ зыхуеинуэр ящIэ, ирахьэлIапхьэхэм щыгъуэзэщ. Абы кьыхэкIыу сэ здэрикъам жьы хьуэ кхъухьлъатэхэр кьагъэсэбэзп хуит зымыщIэ хабзэ щыIэ хуэдэу ягъэIуэр».

Граждан авиацэмкIэ «Къэрал щIэныгъэ-къэхутакIуэ институт» ФГУП-м и унафэщIым и къуэдзэ Страдомский Олег: «КьыхэзгъэбелджылыкIыну сыхуеIуэ кхъухьлъатэхэр жьы зэрыхьуам кьыхэкIыу авиакомпаниеэхэм зэрыраещэр. Мыбдежьым зыми кьыщалъытэркьым абыхэм я зэфIэкIыр зыхуэдизыр. Нобэ псори щыгъуазэщ кхъухьлъатэм ищIын хуей Iэуэлъауэхэм я пащIэм теухуа дунейпсо мардэхэр зэры-щыIэм. АбыкIэ убгъэдыхьэмэ, ди кхъухьлъатэхэм я процент 40-р щIэжIэ зэхъуэжыкIын хуейщ. Абыхэмэ гъэсныпхъэ нэхъыбэ игъэкIуэщI. Аращи, апхуэдэ кхъухьлъатэхэр зиIэ авиакомпаниехэм ельытэу, ахэр зэ-рахьуэныным е зэрамыкъуэкIыным щIэныгъэ-къэхутакIуэ институтым и Ил-86-м кьыпеуэфын дуней псом щыбгъуэтыну кьыим. Иджыпдагъэ Иранымрэ кьиужат а кьэралым и авиакомпанием кьыигъэсэбэзп Ту-154-р (урысей заводым зыхуей щыхуагъэзэжьын папщIэ). Сыщ1эупщIащ гъэсныпхъэр зи уасэм. Ди компаниехэм кьэрал кIуэцIым кьыщагъэсэбэзп кхъухьлъатэхэм зы тоннэм щIатыр доллар 100-щ, хамэ кьэрал компаниехэм я кхъухьлъатэхэр ди дежь кьэльэтахэм зы тоннэр зэретщэр доллар 1000-м щIегъ у, кьыжэлащ. Сыт абы кьыкIыр? Кьэралым езым и авиакомпаниехэр ихьуэнэну ящIэ зэрэитыщIу.

«КД Авиа» авиак омпанием и унафэщI Ицков Леонид: «Дэ нобэ дызытепсэльыхьыр Iуэху гугъущ. Ар ехьэлIащ кхъухьлъатэхэм я проектэр щIэзэхальхьэм кьыщыщIэдзауэ ахэр ягъэльэтэным ящIэ щихьэ зэманым нэс. Мыбдеж псори кьыщыльытэн хуейщ: зэропортхэр зэпэщу щытынри, Iэнатlэм финансхэр ирикъуу иIэнри.

Кьыдгурыуэну игъуэ хъуащ: зы лъэпкым и кхъухьлъатэ щыIэкъым, зы кьэралми нобэ кхъухьлъатэ кьыщIигъэкIыфынукъым дуней щызэхэфIэува лэжьэкIэр кьимыльытэу».

«ИнфоМост» консалтинг компанием и унафэщI Рыбак Борис: «Щапхъэ кьыззэрыгуэкI, ауэ зэпымыуу дигу кьэкI кьэсхьыну сыхуейщ. Ди кьэралым, Урысейм, тещIыхьауэ. Дзэхьэуа кьаруэхэр стратегие авиацэм и кьаруэкIэ дрыщу щыIэ кьагъэщIэрэщIэжащ. Ту-95 кхъухьлъатэхэм гъунапкъэхэр яхьумэ. Абыхэм ящыщ куэдым ильэс 45-рэ я ныбжьщ. Абы щыри тегуэзвыхьыркьым, сыту жыпIэмэ кхъухьлъатэхэм дагъуэ яIэкьыим. Дэ дощIэ Б-52 кхъухьлъатэхэр кьызэрагъэсэбэзпыну пIалъэр ильэс 80-м нагъэсыну американхэр зэрыхущIэкьуар. Абы кьыхэкIыу псори зэпльытар Iэщагъэм куууэ хэпщIыкIыныр».

* * *

Апхуэдэ щыкIэкIэ дэ здгъэщIащ IэщагъэлIам я Iуэху епльыкIэр. Кьэдгъэльэгъуэну дыхуейщ зы Iэщагъэлам кьхъухьлъатэр кьызэрагъэсэбэзп пIалъэр узгъэ кьыщыхьу насыпынкIэ.

Мингрелым (ар Абхъазым и гъунэгъуу Куржым хьыкъэ щIынальэщ) щIыпIэ валютэ кьыщIуныгъэщ. Езы Мингрелым махуэ кьэс щытопсэльыхь щIынальэр хамэ унафэ щIэтыр зэрыхуэмейм.

Политикэм кьыззэрагъэльытэмкIэ, Абхъазымрэ Осетие Ищхэмрэ Куржым кьыззэрыгуэкIар щIэдзапIэ хуэхъуэ кьуейщ а кьэралым и щIынальэхэм щхьэхуэ защIыным.

Удын хьэлъэ дыдэ

ЩIынальэ зыбжанэр Куржым кьыхэкIмэ, а къэралым кьыпхуэмылъытэн хуэдэ удын хьэлъэ дыдэ игъэутыну.

Къэралым и кхъухьэпIэм щIынальэ куэдым я экономикэ хэр зэпызыщIэ Поти кьэкъуэ тедзапIэр щыIэщ. Кьащтэмэ, Зугдиди кьыщыкIыкIэ кьалытэу щытащ кIэтIофым и процент 90-р хадэ щIапIэ щыкIу зиIэхэм кьагъэкIыу икIи кьрахьэлIэжу. АрщхьэкIэ 2006 гъэм щIыхуэхэр кьыззэрыхэтхыкIам кьигъэльэгъуащ а бжыгъэр процент 30-м зэрыщIимыгъур.

КьыззэрыщIэкIымкIэ, Iэхущ1апIэхэм кIэтIофу куэду ящIэн щIадзэжащ. Абыхэм ящыщу зи гугъу тщIы «Зэныбжьэгъугъэ» зэгухьэныгъэр. Ауэ ари пэльэщыкрыкым техникэ кьэщIэхунм. Абы кьыкIэнIыу студентхэр ирашэлIащ мы лэжьыгъэм. Кьэпльэтэ зэрыгъэхунымкIэ, Iэухуэм льэныкьуитIми я фейдэ хэлъщ. Ауэ ныбжьыщIэхэм яфIэкIуэд зэманыр хэт кьэзыльытэр?

ЧКАНИКОВ Михаил.
«Российская газета».

● Ставрополь край

«ГАЗелхэм» я пIэкIэ

Ставрополь щIадзауэ щы-ззэрахьэзэкI кьаалэм и уэрамкэр зыгуфэгъуэ «маршрутка хэр». Абыхэм я пIэкIэ гъэзгу нэхьыщхьэхэм кьытеуващ тыншыгъуэ псори зиIэ автобусыщIэу 20.

АПХУЭДЭ автобуэор щыпIэ бюджетым и ахьшэкIэ кьащэхуащ. Абыхэм ящыщ дэтхэнэ маршруткэ IэмкIэ зэрахьэхьэкI. Кьаалэ унафэщIхэм кьалытэ апхуэдэ автобусыщхьэхэмкIэ кьэпкIуэныну куэдкIэ нэхъ тыншу. Псальэм и хьэтырыщ, гъэшащэ унтын хуейкьым.

Мыбы нэгъэщIэн хэлъщ. «ГАЗелхэр» зэрыкъуэдым и уэрамкIэ уэрамхэм транспортыр щызэтрехьэ. Я гугъу умыщIыхэмэ хьунущ ахэр хэту гъуэгум насыпыншагъэ куэд кьызэрыщIыхьам.

СТЯЖКИН Николай.
Ставрополь.
«Северный Кавказ»

● Политикхэр

Вольф и къуэ Владимир

Жириновский Владимир дуней псом фIыуэ кьыщацIыху политикщ. Ар утыкушхуэ щихьар бгъуэщI гъэхэрщ. Совет Союзыр щыIэу, ди къэралым зы парт фIэкIа щытемыщIэу щыщытам щыгъуэ, абы япэу нэгъуэщI партыщIэ кьызэригъэпщат. Ар Либерал-демократ партыр. Абы щыгъуэ куэдым а партым и кьызэгъэпэщакIуэ Жириновский Владимир ягъэкъуэнщат икIи делафи ирапльат. Ауэ абы и уэжькIэ ди къэралым парт куэд кьыщыкIэхуу щIидзащ. Зэман кIэщIым кьуриубыдэу Урысейм юстицэмкIэ и министерствэм парт 30-м щIигъу щатхат, лэжьэну, щыIэну хуиту. Ауэ кьыззэрыжьам хуэдэ щыдэу абыхэм я нэхъыбэр псынщIэу щызэжащ. Апхуэдэу кьыщыщIакъым Жириновскэм и партым, ар ноби щыIэщ, мэлажьэ, щIыху мин бжыгъэхэр кьыззщIидубыну. Мы зэманым абы ящIэжа «Урысейм и либерал-демократ партиIэ» (ЛДПР-кIэ).

УРЫСЕЙ Федерацэм и Конституцэщ1эм ипкъ иткIэ 1993 гъэ лъандэрэ Урысей Федерацэм и Депутат Думэр, Федерацэм Зэхуэсым и ИщIагъ палатэр хах. Абы лъандэри Жириновскэм и ЛДПР-р хэтщ.

Хэт хуэну Жириновский Владимир? Ар 1946 гъэм мэльжьыкIыуэ и 25-м Алма-Ата кьалэм кьыщалъхуащ. Дзанджиев Гренобль кьалэ мыиным щIэныгъэ нэхъыщхьэ щызригъэгъуащ. Дзэм хэту Кавказ ЩIыбым кьулыкъу щищIащ, полковник цIэр зэрехьэ, 1998 гъэм и доктор диссертацэр пхигъэкIащ, философие щIэныгъэхэм я докторщ. 1984 - 1991 гъэхэм «Мир» тхылъ тедзапIэм юристу щылажьащ. 1990 гъэм щыщIэдзауэ Либерал-демократ партым и пажэщ. 1993 гъэ лъандэрэ Урысей Федерацэм и Къэрал Думэм и депутатщ. 1991, 1996, 2000, 2004 гъэхэм Урысей Федерацэм и президент кьулыкъум хущIэкъуащ, ауэ пхыкIакъым, процент куэди кьыхуэхьакъым.

Жириновскийр Урысей Федерацэм и къэрал щыб, къэрал кIуэцI политикэм жыдэжру хэтщ, ахэр деIыгъ. Ар теплъэ хъуркъым США-м иригъэкIуэкI къэрал щыб политикэ фIейм. Жириновскэр и бийуэ кьэкIуэ США-р Ираным зэрытеуам, курэжьхэм Осетие Ищхэм щызэхащIыхьахэм. Ар и телъхьащ зи щхьэкIуитынигъэм щIэбзныж кьэралхэм. Ауэ лъэпкъ политикэ Iуэху щыIуам и деж Жириновскэм лъэпкъ республикэхэр кьэралым и къэгъэщI щхьэкIэхэм хагъэхьэжыныр нэхъ кьещтэ, ар кьаугъэ кьыззрыкIын, кьэралым щыщIыIэ зэныбжьэгъугъэр кьыззпыудын Iуэхуу зэрыщытыр фIыуэ ищIэмэ.

Владимир урысу зебжьыж, алхуэдэу жиIэну хуиту кьыщIэкIынту, сыту жыпIэмэ и анэ Макаровэр урысщ. Ауэ и адэ Вольф журтщ. Ар зэгуэр Польшэм хьыкъу щыта, иджы Украинэм щыщ Костополь кьалэм 1907 гъэм щыкъыщауад. Абы и адэ, Владимир и адэущхьэ Эйдельштейн я зэманым Костополь щыIэу пхъэм елэжь фабрикэшхуэ иIэт. Абы нэмыщIыкIэ мы кьалэм щыIэ журт общинэм и Iэтащхьэт. КIэщIу жыпIэмэ, зыщыхьи зыщIэни зыгъуэт унагъуэну псэурт.

Хэку зауэщхуэм и заманым Эйдельштейн Вольф Къэзахъстаным кьыщыхутащ. Алма-Ата щызэрыщIыхуащ Макаровэ Александрэ и ялэ щхьэгъусэ Жириновский Андрейрэ Вольфрэ. Жириновский Андрей я зэманым НКВД-м офицеру щылажьэрт. Куэд дэмыкIыу Андрей сымаджэ хьэлъэ хъуащ, 1944 гъэм ар жьэн узым ихьащ. 1945 гъэм Вольф щхьэгъусэ хэхъуащ Макаровэ Александрэ. Ауэ щыхубзым зэриихэу щыта Жириновскэ

унэщIэр ихъужакъым. Дауэ ихъужьынт, а лIым ейуэ абы бынитху иIэт. КъыкIэлъыкIуэ гъэм Александрэ Эйдельштейн щIалэ щыкIыу къыхуилтхъащ, Владимири фIащащ. Ауэ Вольф и къуэр ильэгъукъым. Ар къыльэгъ-ным мазэ бжыгъэ иIэу Вольф Польшэм Iэпхъэжащ. Абы икIыжри Израильм кIуащ, и гъащIэр ихухьуи абы щыпсэужащ. Гуузыщ дунейм зэрехьжар: 1983 гъэм машинэ кьыжьэхэуэри, игъэтэ фэбжьым ихьыжащ.

Аращи, Жириновский Владимир и адэр зэи ильэгъуакъым, зэриихэри абы и унэщIэркъым, атIэ и анэ Александрэ и яп щхьэгъусэу щыта Жириновский Андрей и унэщIэрщ.

Ильэс куэдкIэ лъыхъуащ Жириновский Владимир и адэм. ИкIэм-икIэжьм абы и кхъэр 2006 гъэм Израильм кьыщигъэтыжащ. Нэгъабэ Жириновский Владимир «Си адэ» тхылъыр кьыдигъэкIащ. Абы мыпхуэдэу щетхыж: «Са уэ зэи ксльэгъуакъым, зэи узэхэсхакъым, ауэ сыт щигъуи сыпхуэзэщу щытащ, илъэс 60-кIи дуней псом сыщыпльыхьуащ. ИкIэм-икIэжьм уи кхъащхьэр ущалъхуэ щыIэкъым фIыуэ пIэщIэу кьэзгъэутыжащ».

Нобэ Жириновский Владимир зы хуэ иIэщ. И адэм ещхьу, абыи зэрихэр и анэм и унэщIэрщ - Лебедевщ.

Зыгъэхьэзырар
УЭРЫШ Нурхьэлийщ.
НапэкIуэцIыр зыгъэхьэзырар ШАЛ Мухьэмэдщ.